

**АРÆХСТГИНИ ГЪУДДАГ – ХОНСАРВАРС, ÆНАРÆХСГИ ГЪУДДАГ БА – ЦÆГАТВАРС!..**

*Джованни БОККАЧЧО (1313-1375) итайлаг финсæг: «Адæймаг æрдзæй ци хуæрзтæй хайгингонд æрцудæй, уони арфиаг гъуддæгути хузи ку нæ гъæр кæна, римæхстæй сæ ку дара (хъор æй ку неци кæна, уотемæй), уæд, мæнмæ гæсгæ, æ гулмуздзийнадæбæл дзорæг æй æма еци хуæрзти аккаг нæй...»*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№44 (823) 2021 анзи 3 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман



## ЦÆЙ ФУДÆЙ ФУЛДÆР КÆНУНЦÆ НÆДТÆБÆЛ ФИДБИЛИЗТÆ?..

Уæхæн адæймаг нæййес, æма æнæнез, æнæфидбилизæй цæрун ке нæ фæндуй. Æма цæмæй уотæ уа, е берæ цæмæйдæрти нæхецæй аразгæ ке æй, е ба ни, гъулæггагæн, хъæбæр ахид феронх уй. Райсæн нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади хабæрттæ. Уой фæдбæл домæнтæ æнæмæнгæ æнхæст кæнун ке гъæуй, уой ни, æвæдзи, алкедæр лæдæруй. Фал сæ, куд гъæуй, уотæ ба æнхæст кæнæн? Нæ сæ æнхæст кæнæн!.. Уомæ гæсгæ нæдтæбæл бæлæхтæ минкъийдæр нæ кæнунцæ.

Куд еугур Уæрæсей, уотæ Цæгат Иристони дæр аци анз, евгъуд анзи хæццæ рабаргæй, фæндаггон-транспортон бæлæхтæ фæффулдæр æнцæ 3,8 процентей бæрцæ. Республики нæдтæбæл аци анзи дæс мæйей дæргъи æрцудæй 605 бæлахи, уонæми фæммард æй 69 адæймаги, аллихузи цæфтæ æма гъæдгинтæ фæцæнцæ 852 адæймаги. Фарæ уал мæйей дæргъи æрцудæй 583 цауи, фæммард си æнцæ 85 адæймаги, 837 ба фæццæфтæ æнцæ.

Уогæ уой дæр зæгъун гъæуй, æма нæдтæбæл фидбилизти бæрцæ кæд исирæзтæй, уæддæр, ка си фæммард æй, уони нимæдзæ ба 13,7 проценти минкъийдæр фæцæй. Е уой фæрци дæр æй, æма тагъд агъази æма ервæзун кæнуни службити куст ке фæххуæздæр æй.

Цæгат Иристони нæдтæбæл транспортон фидбилизтæ цæй фудæй æрцæунцæ, уобæл дзоргæй фиццагидæр уой зæгъун гъæуй, хуæдтолгитæбæл берæ гъæнгæлæстæ, рæуæг сæртæ бадунцæ, нæдтæбæл цæуни домæнтæ нимади дæр кæмæ нæ 'нцæ, уæхæн сæргъæнтæ. Мадта фестæгæй цæуæг адæмæй дæр беретæмæ нæ гъарунцæ закъони домæнтæ, нæ кæсунцæ светофортæмæ. Дзубанди дæр ибæл нæййес, еци гъуддæгутæмæ цæстæ дарунæй ихæсгин ка 'й, уонæмæ дæр гъæуй карздæр фæллæуун.

***

Нæдтæбæл æдасдзийнади фæдбæл нæ республики ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уонæй еу е æй, æма берæ рауæнти æвæрд æрцудæй цæстдарæн телекамеритæ, уæдта еци гъуддаг идарддæр дæр æнхæстгонд цæуй, зæгъæн, аллирауæнти ма анзи кæронмæ æвæрд æрцæудзæнæй инсæй камери.

Нæдтæбæл æдасдзийнадæ аразгæ 'й нæдти хуæрзгъæдæдзийнадæй дæр. Æма еци фарстай фæдбæл нæ республики ци куст цæуй, уой туххæй æрмæг ба кæсетæ 2-аг фарсбæл.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

**НОМЕРÆН**



## Æ РОХС НОМИ РОХСДЗИЙНАДÆ ИРД СТЪАЛУЙÆЙ ÆРТТЕВДЗÆНÆЙ...

Æ уæлзæнхон цардæй 29 ноябри æ 75-аг анзи рахецæн æй нæ Фидибæсти номдзуддæр адæймæгутæй еу, космосон аппаратти конструктор, ССР Цæдеси Паддзахадон премий лауреат **Къомайти Владимири фурт Руслан.** Рохсаг уæд... Нæ Исфæлдесæг ин дзенети уодæнцойнæдæр рауæн исаккаг кæнæд...

Къомайти Руслан нæ дзиллæн зундгонд адтæй куд кæдзосзæрдæ, ездон, æ равзурст гъуддагбæл æновудæй архайæг æма æ карни нæдтæбæл нифсгунæй рацæуæг адæймаг. Фидибæстаг космосон къабазæмæ æ кусти рæстæг бахаста агъазиау байвæрæн. Куд зонæн, уотемæй, Къомайти Руслан фондз æма дууинсæй анземæй фулдæр бакуста Лавочкини номбæл наукон-кустадон исконди (мастерæй си райдайгæй, исхизтæй генералон директори фиццаг хуæдæййевæги бунатмæ). Къомай-фурти разамундæй арæзт æрцудæй 500 космосон аппаратемæй фулдæр.

Къомайти Руслан æ дæсниадæ уарзта, æма 'й уомæ гæсгæ фæндадтæй, цæмæй ибæл æхцул уонцæ ирæзгæ фæлтæртæ дæр. Æ хъæппæресæй æма е 'вæллайгæ архайди фæрци Дзæуæгигъæуи иснæуæг кодтонцæ планетари, исаразтонцæ си космонавтики Скъола. Уæхæнттæн нурма Уæрæсей æмбал нæййес.

Берæ цидæр ахсгиаг гъуддæгутæ ма исаразуйнаг адтæй, фал ин, гъулæггагæн, нæбал бантæстæй æгъатир мæлæти фудæй.

Фал уотæ ка зæгъуй, æма Къомайти Руслани ирд стъалу уоййадæбæл фæттар æй, е раст нæ уодзæнæй. Æ карни рохсдзийнадæ ирд стъалуйæй æрттевдзæнæй дзилли зæрдити – æ арфиаг гъуддæгутæй, æ берæ агъазиау æскъуæлхтдзийнæдтæй.

Нæкæси, евгъуд æртиккæги нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** телеуинунади фæрци дзуæппитæ лæвардта адæми фарстатæн. Æма уоми райгъустæй уæхæн фæндæ, цæмæй нæуæг игонгонд стъалутæй еуемæн Къомайти Руслани ном лæвæрд æрцæуа. Еци гъуддагбæл байархайунæй зæрдæ байвардта республики Сæргълæууæг. Уомæн рæстæг багъæудзæнæй, нур æхе Указæй ин исаккаг кодта (æ рамæлæти фæсте) орден «Иристони Намус».

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

*Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), номдзуд уруссаг финсæг: «Æримисисæ, лæгъузæй ци исаразтай, уони еугурæй дæр. Е дин фæййагъаз уодзæнæй лæгъуздзийнадтæ нæ кæнунæн. Ци дзæбæхтæ исаразтай, уони дæ зæрдæбæл ку дарай, уæд дин е къулумпий хуасæ уодзæнæй хуæрзтæ кæнунæн...»*




# ТЕЛЕРАДИОКОМПАНИ «АЛАНИ»-Й ЮБИЛЕЙ ЦИТГИНÆЙ БÆРÆГГОНД ÆРЦУДÆЙ

Аци бæнтти Паддзахадон телерадиокомпани «Алани» бæрæг кæнуй цалдæр ахсгиаг бæрæгбони – республикон радиой исарæзтбæл исæнхæст æй 90 анзи, нæнацион телеуинунадæбæл 60 æма цæгаткавказаг телевизион киноайевадæбæл ба 55 анзи. Уой фæдбæл æрæги ци цитгин мадзал арæзт æрцудæй, уоми архайдта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, зæрдиагæй райарфæ кодта телерадиокомпаний косгутæн. Æ радзубандий уотæ загъта:

– Сумах æнхæст кæнетæ ахсгиаг куст, уой ахедундзийнадæ агъазиау æй нæ абоникон цардарæзти хабæрттæ æнтæстгиндæрæй арæзуни гъуддаги. Уæ бæрзонд дæснидзийнадæн уин устур аргъ кæнæн, никки ба ма ми федарæй æруагæс кæнуй, идарддæр дæр уæхæн ахедгæ куст ке кæндзинайтæ, е. Мæ зæрдæ уин зæгъуй сабур æма фæрнæйдзаг цард!..

Республики Сæргълæууæги унаффæй телерадиокомпаний косгути устур къуар хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ аллихузон хуæрзеугутæй.

Майдан «Иристони Намус»-æй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ Уæрæсей паддзахадон телерадиокомпаний генералон директори хуæдæййæвæг **Рифат Сабитов**, радиой Хæдзари уæлдæр къæпхæни зæлонрежиссер **Газайти Зойæ** æма радиобакаститæ амонæг **Къадзати Станислав**.

Телеуинунади æма радиоигъосунади зæрдиаг кусти тухххæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Кади грамотитæй исхуарзæнхгин кодтонцæ Уæрæсей паддзахадон телерадиокомпаний косгутæ **Андрей Никитини, Дмитрий Щугореви**, радиой шеф-редактор **Баллати Рити**, амонæг **Хæдарцати Лиди**, телеуинунади шеф-редактор **Богазти Аслани**, оператор **Гайти Хетæги**, сæрмагонд уацхæссæг **Хъалæгати Надежди**, рохсдæттæг **Александр Тюльтеви**.



Республики Сæргълæууæги Арфи финстæгутæ лæвæрд æрцудæнцæ **Фидарати Зæринæн, Гаглойти Светланæн, Дзугати Нэллийæн, Хъарати Аллæн, Хъарати Нателлæн, Фидарати Ларисæн, Юлия Филатовайæн, Хæуитати Зитæн**, телерадиокомпани «Алани»-й разамонæг **Хъусати Тимурæн**.

# КАРЗ НЕЗÆЙ КА БАСАДÆЙ, УОНÆН АГЪАЗ КÆНДЗÆНÆНЦÆ

Нæ республики Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ куд игъосун кæнуй, уотемæй Цæгат Иристони æнхæстгонд цæуй коронавирусæй ка исдзæбæх æй, уонæн сæ нези фæстеугутæ райеуварс кæнуни гъудаг. Сæхе дзæбæх кæндзæнæнцæ нæ республики санаторитæ æма центрти.

Фæллойнæ æма социалон ирæзти министрадæ гъæуама анзи кæронмæ фиццаг 220 балцæги радех кæнонцæ сæйгитæн. Дуудæс боней дæргъи дзæбæхгæнæн мадзæлттæ искæндзæнæнцæ санаторитæ «Иристон», «Нæзи къох», Геронтологон центри. Иннæ анз дæр балцæгтæ дех кæндзæнæнцæ радæмæ гæсгæ.

Реабилитацимæ хаунцæ медицинон æма психологон мадзæлттæ, етæ сæйгити уавæр фæгъгъомусгиндæр кæндзæнæнцæ.

Цидæриддæр нези фæстеугутæ райеуварс кæнуни мадзæлттæ ес, уонæй испайда кæндзæнæнцæ. Уордæмæ бахæссæн ес хуастæ, физикон æууæлтæ, бальнеологи, гъарцъифæ, дзæбæхгæнæн физкультурæ æма æндæр фæрæзнитæ.

Сæйгæдонæй ке рафинстонцæ, етæ гъæуама сæ курдиæдтæ бадæттонцæ бунæттон поликлиникæмæ кенæ сæхе кæми дзæбæх кодтонцæ, еци сæйгæдонæмæ. Нези фæстеугутæ райеуварс кæнунмæ адæймаги гъæуама рарвета дзæбæхгæнæг дохтир. Еци æрветæн гæгъæдити хæццæ гъæуама бацæуа **фæллойнæ æма социалон ирæзти Министрадæмæ (1 уæладзуг, 2-аг кабинет) кенæ ‘й рарвета электрон адресмæ docs@ minsotc.alania.qov.ru. Курдиадæмæ бафтаун гъæуй граждании паспорт æма СНИЛС-и гæгъæдитæ.**

Министради электрон адреси хæццæ еци гæгъæдитæ рарветгæй, лæггæдтæ есæг гъæуама бадæдтта æцæг хузтæ. Балцæг ратдзæнæнцæ радæмæ гæсгæ. Гражданинæн лæвæрд цæуй гъæугæ информаци, бунатмæ бацæуни рæстæги тухххæй. Гъæуама имæ уа ПЦР-тест æнæнези бæрæггæнæнти хæццæ, QR-коди хæццæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма коронавируси фæсте нези фæстеугутæ райеуварс кæнуни гъудаг исаразун бантæстæй республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлой фæрци.



# ЦÆМÆЙ НÆ НÆДТÆБÆЛ ÆДАСÆЙ ЦÆУÆН...



Нæдтæбæл æдасæй цæуни хецауадон къамисæн æрæги бабæй ци æмбурд адтæй, уомæн разамунд лæвардта нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййæвæг **Томайти Ирбег.**

Æмбурди видеобастдзийнади фæрци ма архайдтонцæ районти сæргълæугутæ дæр. Дзубанди цудæй, Иристони нæдтæбæл æдасæй цæуни уавæри, уой фæдбæл регионалон проекттæ æнхæст кæнуни, зумæги афонæмæ коммуналон организацити нæдтæбæл дзуапп дæттуни цæттæдзийнади æма берæфатерон хæдзæртти микрорайонти хуæдтолгити лæуунæн бунæтти арæзтади фарстатæбæл.

Æ радзубандий Томай-фурт куд загъта, уотемæй нæдтæбæл ци фидбилизтæ æрцæуй, уони бæрцæ, евгъуд анзи хæццæ рабаргæй, æнцæ фулдæр:

– Нæ республики нæдтæбæл æдасæй цæуни уавæр æй хъæбæр сагъæссаг. Аци анз нæмæ ци фæндаггон фидбилизтæ æрцудæй, етæ адтæнцæ 605 цауи. Уоми фæммард æй – 69 адæймаги, 852 ба фæцæнцæ уæззау цæфтæ.

Евгъуд анзи аци бæрæггæнæнтæ адтæнцæ минкъийдæр. Фæндаггон фидбилизтæ – 583 цауи, ка си фæммард æй, уони нимæдзæ ба – 37 адæймаги. Уой хæццæ нæмæ косунцæ æвæстеуатæй агъази службитæ, цæмæй адæми мæлæти цаутæ минкъийдæр уа, уобæл. Фал нæ Иристони хузæн минкъий республикæн, ке байамудтонцæ, еци бæрæггæнæнтæ æгæр бæрзонд æнцæ.

Аци фарстай фæдбæл адтæй дзубанди нæ республики нæдтæбæл æдасæй цæуни паддзахадон управлений хецауи хуæдæййæвæг **Александр Удодикæн** дæр. Куд радзурдта, уотемæй, нæ бæсти Президенти унаффæмæ гæсгæ арæзт æрцудæй «Национ нисантæ æма стратегион ихæслæвæрдти райрæзти сæрмагонд программæ 2019-2024 æнтæн. Уордæмæ хаст цæунцæ нæдтæбæл æдасæй цæуни фарстатæ дæр. Æ радзубандий А. Удодик уотæ загъта:

– Дæс мæйей дæргъи нæ республики еугур æрцæуæг фидбилизи цаутæ адтæнцæ: нихæй-нихмæ, адæймаги скъæруни, надæй тротуармæ рахауни, æнагъонтæ æма ниуæзтгунти фудæй. Автоинспекци еудадзуг арæзуй профилактикон куститæ, хуæдтолгæ скъæруни гæгъæдитæ кæмæ ес, еци шоферти хæццæ. Цæстдарæн кусти фæрци бастдзийнадæ дарæн медгъудæгути оргæнти еугур ведомствити хæццæ дæр. Бацæттæ кодтан 27 профилактикон мадзали. Нæ бæсти Президенти унаффæмæ гæсгæ ци программæ арæзт æрцудæй, уоми, фиццагидæр, амунд цæуй, фæндаггон фидбилизти мæлæти цаутæ цæмæй мабал уа, уой тухххæй проекти нисантæн сæрмагонд техникон фæрæзнитæ радех кæнун. Уотемæй, райстан 69 патрулон транспорти хузтæ, техникон цæстдарди приборттæ æма медицинон фæрæзнитæ. Кæд профилактикон куст кæнæн, уæддæр ес нæ республики уæхæн нæдти хæйттæ, кæцитæ нуриккон нормативон домæнтæн дзуапп нæ дæттунцæ. Уомæй уæлдай, ци æгъдауихæлдтитæ цæуй нæдтæбæл, уонæбæл иварон гъуддæгутæ исаразтан æма сæ тæрхондонæмæ балæвардтан. Фал, нури уæнгæ дæр еци фарста æнхæстгонд нæма æрцудæй.

Аци фарстай фæдбæл Томай-фурт автоинспекций косгутæн бафæдзахста, нæдтæбæл уæлдай тæссагдæр бунæттæмæ патрулон нарядтæ цæмæй æвæстеуатæй хъæртонцæ. Программи ихæстæ идарддæр æнхæст кæнун, ведомствити хæццæ гъæугæ профилактикон куст кæнун. Республики нæдти хæдзаради комитетæн ба байхæс кодта федералон нæдти гъæндзийнадтæ хæстæгдæр бæнтти райеуварс кæнун.

Дуккаг, регионалон проекттæ «Дорожная сеть» æма «Æдас хуæрзгъæдæ нæдтæ» æнхæст кæнуни фæдбæл адтæй æ дзубанди республики нæдти хæдзаради комитети сæрдар **Солити Тариэлæн**. Е куд фæгъосун кодта, уотемæй, анзи дæргъи нацпроекти бундорбæл Иристони федералон нæдтæ цудæнцæ реконструкци æма цалцæгтон. Уомæй уæлдай, Солити Тариэл фæннисан кодта, нæдти коммуналон организацити цæттæдзийнадæ зумæги афонæмæ циуавæр æмбæвзадæбæл æй, уой тухххæй.

Æмбурди архайгутæ дзубанди кодтонцæ, адæми нимæдзæ берæ кæми ‘й, еци берæфатерон хæдзæртти микрорайонтæ æма æндæр æхсæнадон фæзти автотранспортон лæууæн бунæттæ исаразуни фарстатæ æнæмæнгæ гъæугæ ке ‘й, уобæл дæр. Уой фæдбæл ба дзуапп равардта Дзæуæгигъæуи бунæттон администраций сæргълæууæги фиццаг хуæдæййæвæг **Томайти Хъазбег**. Куд радзурдта, уотемæй æдасдзийнади фарстатæбæл архайгæй, минкъий ахедундзийнадæ нæййес, абони базартæ æма иннæ уæйæгæнæн центрти бахезæнти фæзти ци берæ хуæдтолгитæ исæвæрунцæ, еци уавæрæн дæр. Аци фарста æвзаргæй, æмбурди архайгутæ исбæлвурд кодтонцæ сæйрагдæр мадзал – инвесторти æрбаздахун сæрмагонд лæууæн бунæттæ исаразунмæ.

**Номдзуд дирижер, ССР Цæдеси адæмон артисткæ Дударати Вероникæ Бариси кизги райгурдбæл 5 декабри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-2009).**



# ИУАЗÆГ ÆМА ФУСУН БОЗ КУ УОНЦÆ КÆРÆДЗЕМÆЙ...



**БИЧИЛТИ Алетæ,**

Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг

ХЕСТÆР фæлтæртæй ма беретæ гъуди кæндзæнæнцæ, советон доги Цæгат Иристонмæ цæйбæрцæбæл берæ иуазгутæ цудæнцæ – уой дæр айдагъ нæ Фидибæсти еугур рауæнтæй нæ, фал ма сауæнгæ фæсарæйнаг бæститæй дæр. Сæ зæрдæмæ хъæбæр цудæй махмæ сæ фæллад уадзун, хъæбæр бозæй ни рандæуиуонцæ. Е нæ, фал ма сæ хеуæнтти æма сæ зонгити дæр исцибæл кæниуонцæ, цæмæй æнæмæнгæ рабалци кæнонцæ Иристонмæ.

Уæди зæрдæмæдзæугæ рæстæгути ни уой æнгъæл ка адтæй, æма ралæуудзæнæй, нæ цардиуаги уоййасæбæл хиццаг фæткитæ кæми исусхъуммитæ уодзæнæнцæ, уæхæн догæ дæр. Фал, гъулæггагæн, раст гъе уотæ рауадæй – евгъуд æноси кæрони нæ фудзунд «фæтæгти» æсхъæл миути туххæй нæ уоййасæ паддзахадæ никкуддæртæ æй, раст æма зулун си бæрæг нæбал адтæй, сæрустур цæмæй адтан, уони гиризаг кæнун байдæдтонцæ, уой размæ хæларæй æмдзæрийнæ ка кодта, еци адæмтæ никкæрæдземæ æнцæ... Уой фудæй кæддæри сабур æма иуазæгуарзон Цæгат Кавказ дæр уоййасæбæл ниххæлхъойтæ ‘й æма, Уæрæсей дæр æма фæсарæнти дæр раздæр дзенети хузæн кæмæ кастæй, уони цæсти ‘й дзаханама фестун кодтонцæ. Иуазæгуати цæун нæмæ некебал æндиудта. Æма е ба хъæбæр лæгъузæрдæмæ зиннун байдæдта нæ региони социалон-экономикон уавæртæбæл.

Угæ раст фæззæгъунцæ: «Фуд лæг æма фуд рæстæг берæ нæ хæссунцæ!..» Æма нуртæккæ уавæр хуæздæрæрдæмæ æйиевун байдæдта... Еци хуæздæрæрдæмæ æййивддзийнæдтæй еу æй, Уæрæсей медбæстон туризми райрæзтмæ фæстаг æнзти фулдæр æргом æздæхт ке цæуй æма уомæн аллихузон агъазиау мадзæлттæ арæзт ке цæуй, е. Арæзт æрцудæй æма æнхæстгонд цæуй сæрмагонд программæ дæр, хуннуй «Туризм æма иуазæгуарзондзийнади индустри». Уоми ци нисантæ бæрæггонд æнцæ, уонæбæл куст цæуй Цæгат Иристони дæр. Æма анзæй-анзмæ фулдæр кæнунцæ, сæ фæллад уадзуни рæстæг зæрдæхцæуæнæй рарветунæн махмæ ка рабалци кæнуй, уони нимæдзæ. Æма е хумæтæги нæй!.. Еуемæй деси сæ бафтауй нæ алæмæти æрдзæ: уорссæр хуæнхтæ æма цæхæркалгæ æхсæрдзæнтæ, æзнæт цæугæдæнттæ æма кæдзос уæлдæф, аллихузон бæлæстæ æма æндæр зайæгойтæй ирд фæлуст кæмттæ... Иннемæй ба, махмæ фæууогæй нæ иуазгутæ æмцъухæй фæззæгъунцæ:

### «ИРИСТОНÆН Æ ÆРДЗИ ДЕССАГÆЙ ДЕССАГДÆР БА – Æ АДÆМ...»

Гъе уæхæн загъд фегъустан Ростови цæрæг **Максим Масаловæй** дæр. Е æй инженер-программист. Аци лæхъуæн цалдæр анзей размæ фицдаг хатт исæфтудæй Иристонмæ. Уæдæй нурмæ æ зæрдæй нæбал исцох æй аланти бæстæ – фадуат ин куддæр фæууй, уотæ æ над ракæнуй нæ республикæмæ.

4

## ЗУНДГИН ЗАГЪД ФАТ ÆЙ!..



*Хæрæг æ уæле æритудта домбайи цар æма разелæбазелæ кæнуй, æ алливарс ци гъæлагæсæ цæрæгойтæ адтæй, уони ’хсæн. Еу рауæн робаси рауидта æма ‘й гъæвта фæттæрсун кæнунмæ. Фал ин робас æ уаст ку райгъуста, уæд имæ дзоруй:*

*– Баруагæс ди уæд, æз дæр ди фæттарстайнæ, фал дин дæ хъихъо-хъихъо ку райгъустон, уæд уайсахат балæдæрдтæн, ка дæ, ци дæ, уой...*

***

*Уотæ æнæфæууинд адæмæй беретæ се ‘схъæл миутæй фæййархайунцæ сæхе лæгау-лæгтæй равдесунмæ, фал син сæ дзубандитæмæ ка байгъосуй, етæ уайсахат балæдæрунцæ, ка ’нцæ, ци ’нцæ, уой.*

*Фал бæлах ба е æй, æма уæхæн гулмузтæ – ци ‘нцæ, уомæй сæхе дессагдæр кæнгæй – нæ цардиуаги гъуддæгути фæдбæл нин зундамонæг æма унаффæхæссæг ке исунцæ. Уомæй бæлахдæр ба е æй, æма уæхæн «домбай» хецауеуæггæнæг ку исуй, уæд æ дæлбарæ ка фæууй, етæ ин æ «цийиес» куд нæ фæззонунцæ, æма сæмæ æ «бардзурдтæ» нимади дæр нæ фæуунцæ – уомæн æма си нецæмæй фæттæрсунцæ. Еци æгудзæгдзийнади фудæй ба гъезæмари бахаунцæ хумæтæг адæм – уæхæн «домбай» – хецау син сæ курдиади гæгъæдитæбæл, исаразун æй гъæуй, зæгъгæ, ку бафинсуй, уæддæр си неци рауайуй – ка ‘й гъæуама æнхæст кæна, е æй æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ихæсбæл нæ банимайуй...*



**БРИТЪИАТИ Елбиздихъо (1881-1923) нæ национ театри бундорæвæрæг: «Кæмæ дзорис, мæ хор? Ке кæнис цирагъдар? Еци сагъæси дæхуæдæг цæмæннæ лæууис? Адæм рохс дæуæй дæр бакомдзæнæнцæ!..»**

Нури доги дæр нæмæ æгæр берæ дæр ма æнцæ, еске къохтæй цидæртæ аразунмæ ка гъавуй, уæхæнттæ. Æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддагбæл хъæбæр усхъæзæй дзордзæнæнцæ, фал ибæл сæхуæдтæ дæр комкоммæ байархайдзæнæнцæ, зæгъгæ, уæхæнæй ба сæхе æгириддæр нæ бавдесунцæ. Нæ маддæлон æвзаги сагъæссаг уавæрбæл дзоргутæ берæ ‘нцæ, маддæлон æвзагбæл газеттæ рафинсгутæ ба – ефстæгтæ.

**Виссарион БЕЛИНСКИЙ (1811-1848) номдзуд уруссаг литературон критик: «Адæймаг е ’ндагон кæдзосдзийнадæ æма аййевдзийнæдтæ гъæуама æ медæггаг кæдзосдзийнадæ æма федауцæ æвдесæг уонцæ...»**



Уотæ бæргæ ’й, фал ахид ба уотæ дæр фæууй: æндагон аййевдзийнæдтæ æма кæдзосдзийнæдтæ фæрримæхсунцæ медæггаг сахъатдзийнæдтæ æма цъумурдзийнæдтæ. Е лæгъуз æй, фал уæлдай лæгъуз ба уæд фæууй, æма етæ ку разиннунцæ, нæ цардиуаги гъуддæгутæ кæмæй аразгæ ‘нцæ, уони уодиконди менеугутæ. Уотæ ке ‘й, уой ба абони æвзарæн нæ чиновниктæ, депутаттæ æма æндæр «лæгигъæдгунти» миути фудæй.



**Франсуа де ЛАРОШФУКО (1613-1680) французаг финсæг: «Æцæг фæлмæнзæрди хецæуттæ ун сæ бон æй, тухгин уодиконд кæмæн ес, айдагъдæр уонæн: иннетæн сæ фæлмæнзæрдæдзийнадæ мæнгæ, æвдесгæ менеуæг æй, æма син æнцонæй рахезуй æведауцæ æнæуагæ миутæмæ...»**

Аци загъд финсæг кæд æма кæд загъта, фал уæмæ уотæ нæ кæсуй, цума ‘й мах æмдогонти туххæй загъта. Æгæр нæмæ исберæ ‘нцæ, æхе хуæрзæгъдаугинæй ка æвдесуй, уотемæй фудзæрдæ, фæливд, мæнгард, иннетæбæл гадзирахаттæй цæуæг ка ‘й, уæхæн адæймæгутæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

### УÆДДÆР КÆД ФÆЙЙЕРВÆЗДЗИНАН ПАНДЕМИЙÆЙ?

**Уæхæн фарстайæй дзиллæн цæстингас æртасгутæ уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ æма етæ ци дзуæппитæ равардтонцæ, уонæн сæ еумæйаг хатдзæг рауадæй мæнæ ауæхæн.**




**ЗИН МИН ÆЙ БÆЛВУРД ДЗУАПП РАТТУН – 35%**

**ИННÆ АНЗИ – 13%**

**4-5 АНЗЕЙ ФÆСТЕ – 22%**

**10-15 АНЗЕЙ ФÆСТЕ – 5%**

**НЕКÆД – 25%**

***БАЙТИ Гаппо (1870-1939) паддзахадон æма аййевадон архайæг: «Цийфæнди берæ нæмæ ку уа зæнхæ, хуарз лæгтæ, гъæздуг, тухгин косæг адæм, уæддæр мах нæуæг, рæсугъд цард некæд фæуувиндзинан, кæрæдзей зæрдиагæй цалинмæ нæ бауарзæн, уæдмæ...»***




# ИУАЗÆГ ÆМА ФУСУН БОЗ КУ УОНЦÆ КÆРÆДЗЕМÆЙ...

3

Уотæ адтæй аци фæззæг дæр.

– Октябри райдайæни ме ‘мбæлтти хæццæ рабалци кодтан Иристонмæ, – загъта Максим. – Исæмбалдан нæ хуарз æрдхуæрдтæбæл, фæззилдан еугур кæмтти берæ рауæнтæбæл... Еумæйаг унаффæй æрфусун кодтан Дигоргоми рæсугъддæр бунæттæй еу – фæлладуадзæн комплекс «Арви къæсæр»-и. Æма нæ унаффæбæл нæ фæффæсмон кодтан – никки хуæздæр базудтан бунæттон æрдзи дессагдзийнæдтæ æма хуæдбундордзийнадæ, уæлдай хæстæгдæр базонгæ ан Иристони иуазæгуарзагæ адæми хæццæ. Еци зæрдхæлар адæмæй еу – фæлладуадзæн комплекси администратор **Азиати Альбинæ**. Хуарз хеуони хузæн нæбæл бацийнæ кодта, зæрдиаг салам зæгъгæй, исæмбæлун нæ кодта нæ бунæттæбæл. Уæдта нин цубурæй радзурдта туристон бази алливарс цæмæдессагдæр бунæтти туххæй, байамудта нин куд хуæздæр æма æдасдæрæй сæмæ бацæун æнгъезуй æма берæ æндæр хабæрттæ.

Максими дзубандимæ гæсгæ, сæ къуар цалинмæ «Арви къæсæр»-и адтæй, уæдмæ еудадзуг дæр сæхебæл бавзурстонцæ ами косгути зæрдтагон уозæлд. Æма айдагъ етæ нæ, фал иннæ фæлладуадзæг адæм дæр боз адтæнцæ комплекси косгути лæггадæй. Уомæ гæсгæ, æвæдзи, раст уодзæнæй уони кусти туххæй бæлвурддæрæй радзорун. Аци турбази Азиати Альбинæ косуй дууæ анземæй минкъий фулдæр.

– Ардæмæ раздæр æнзти мæхуæдæг дæр, куд фæлладуадзæг, уотæ цудтæн, – зæгъуй Альбинæ. – Рауæн дæр мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй, турбази косгути хæццæ дæр балимæн дæн. Еузагъдæй, хумæтæги мæмæ нæ фæззиндтæй ами косуни фæндæ. Æма байархайдтон, цæмæй мин бантæса æ исæнхæст кæнун дæр.

Æ царди нæуæг гъуддаг æнхæст кæнунмæ бавналдта бæрнонæй, архайдта æма нур дæр архайуй æ дæсниади еугур фæззелæнтæ лæмбунæгдæр базонунбæл. Æхецæн ихæсбæл нимайуй, цæмæй Иристони иуазгутæ нæ алæмæти бæстæ хуæздæр базононцæ æма 'й бауарзонцæ. Æма ин æнтæсгæ дæр кæнуй. Уæлдай æхцæуæн ба ин е æй, æма фæстаг рæстæг сæмæ зингæ фулдæр иуазгутæ цæун ке байдæдта, зæгъæн, Цæцæнæй, Дагестанæй, Стъараполи крайæй, Мæску æма æндæр регионтæй.

– Нæ коллектив, нæ турбази генералон директор Хортити Ростислави разамундæй, æмхузонæй архайæн, цæмæй ни нæ иуазгутæ аразийæй байзайуонцæ, «Арви къæсæр»-и ци рæстæг рарвистонцæ, уомæй, – сæрустурæй зæгъуй Альбинæ. – Нæ сæйрагдæр нисан фæуой, цæмæй бабæй сæ нæуæгæй æрфæндæуа Иристонмæ исæздæхун. Æма еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте нæ раздæри бæлццæнттæ нæуæгæй нæ турбази ку æрфусун кæнунцæ, уæд нин хъæбæр æхцæуæн фæуой, разæнгард нæ кæнуй никки хуæздæр косунмæ.

... «Арви къæсæр»-и еци-еу рæстæг уолæфунæн фадуат ес 3000 адæймагемæн. Уæлдай фулдæр адæм ба ардæмæ рабалци кæнунцæ зумæги мæйти, турбази алливарс фæхстæ мет ку æрæмбæрзуй, уæд. Къахдзонæгътæбæл гурунмæ тулаваст ка 'й, етæ сæ них исаразунцæ турбазæмæ – къахдзонæгътæбæл гурунæн си ес хуарз фадуæттæ. Уæхæн рæстæг турбазæмæ аллибон дæр æрбацæуй мин адæймагемæ хæстæг. Уойбæрцæ адæмæн балæггадæ кæнунæн берæ хъаурæ æма арæхстдзийнадæ гъæуй. Еци ихæс ба ами косгутæ æнхæст кæнунцæ разæнгардæй æма æнтæстгинæй.

Æхцæуæн æй, аци фæлладуадзæн кустуати коллектив уоййасæбæл зæрдиагæй фадуæттæ ке аразуй, цæмæй сæмæ иуазгутæ сæ рæстæг æхцæуæнæй рарветонцæ, уоййасæбæл æновудæй ке архайуй, цæмæй нæ æрдзи цæмæдесдзийнади хæццæ ма си баруагæс уа, нæ адæм цæйбæрцæбæл рæдау æма зæрдхæлар æй, е дæр. Æма уой фæдбæл нин ке арфæ кæнунцæ, е кæд æхцæуæн æй, уæддæр никки хуæздæр ба уидæ, еци хабæрттæ Уæрæсей еугур рауæнти дæр æма фæсарæнти дæр игъустгонд ку уиуонцæ. Æма уобæл ба нæхе дæр архайун гъæуй.

## БÆЛЦЦОН КУ ÆРФЕСТÆГ УЙ, НÆУÆГ ЛИМÆНТÆ УÆД ИССЕРУЙ!..

Аци курухон загъд раст ке ‘й, е ни æруагæс кæнуй уомæй дæр, æма нæмæ иуазæгуати ци бæлццæнттæ фæуой, етæ сæхемæ æздæхгæй фæззæгъунцæ: «Æнæмæнгæ бабæй уæмæ зиндзинан – уæ фидиуæзæг махæн дæр хеуон иссæй!..»

Æма уæхæн зæрдихатти хæццæ æрмæгутæ парахатдæрæй ахиддæр ку зинниуонцæ, куд уæрæсейаг, уотæ фæсарæйнаг дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, уæд бæргæ хуарз уидæ. Уотæ нæ зæгъæн, æма уæхæн æрмæгутæ нæ фæуой уонæми – фæуой, фал æгæр æстæн. Уогæ, ка си фæззиннуй, етæ фулдæр хæттити фæуунцæ цæстуарзонæй цæттæгонд. Сæ еуей хæццæ уæ базонгæ кæндзинан. Æ рæстæги ‘й газет «Аргументы и факты»-й ниммухур кодта зундгонд журналист **Георгий Зотов.** Æ уац ци гъудийæй райдæдта, уомæ гæсгæ ин хъæбæр æнæлæдæрд æй, Уæрæсей цæргутæй беретæ сæ фæллад уадзунæн фулдæр хæттити ке рабалци кæнунцæ, куд аллихузон фæсарæйнаг бæститæмæ, уотæ нæ бæстæ нин абони бустæги æнæбунати се ‘знагбæл кенæ агрессорбæл кæми нимайунцæ, сауæнгæ еци раздæри советон республикитæмæ дæр. Уотемæй ба ами нæхемæ, Уæрæсей, зæгъæн, фæлладуадзæн рæстæг зæрдифæндон рарветунæн равгитæ цæмæй æнцæ лæгъуздæр, берæ рауæни ба – никки хуæздæр. Зæгъæн – Цæгат Кавкази. Зæрдæ си цæмæй барохс уа, уæхæнæй си бæлццон ци ба не ‘ссердзæнæй!.. Фезонгутæ амæй-айæ хуæздæр фуси фидæй, хуæрзадæ минералон дон, хæдзари конд сæнæ, е ‘хсир нерæнгæ ма æ медæгæ кæмæн æй, уæхæн цихт æма æндæр цæмæдессаг хуæлцæ... Хъазар дорæнгæс хуæнхтæ (еуæй-еуети сæртæбæл хормæ æрттевунцæ сæ уорс метин æмбæрзæнтæ), астæуккаг æностæй ка байзадæй, уæхæн мæсгутæ – рагон гъæути ‘хсæнти, нæудæсæймаг æноси белгиаг æма французæгти арæзт хуæнхаг поселокти ихæлддзæгтæ…

Лæдæрун æй, кадæртæ зæгъдзæнæнцæ: «Æма е Гурдзи ку æй!..» Уотæ ка бангъæла, е раст нæ уодзæнæй. Цидæриддæр ранимадтон æма ма берæ æндæр дессагдзийнæдтæ 'нцæ Цæгат Иристон, Уæрæсей хонсари минкъий республики, кæци, нæкæси, æй Гурдзий хæццæ æмарæн.

Уæ зæрдæбæл уин æрлæуун кæндзинан мæнæ ауæхæн нимæцтæ: кæд æма 2018 анзи Гурдзимæ балций бацудæй еу миллион æма фондзсæдæ уæрæсейаг гражданини, уæд Цæгат Иристонмæ ба – æдеугурæй цалдæр мин туристи. Е куд æй – гурдзиаг политиктæ æзфæрраздæронæй архайунцæ сæ бæсти цæрæг дзилли уруссæгтæй тæрсун кæнунбæл æма комкоммæ нæ бæсти фудкой кæнунбæл, сæ паддзахади зиндзийнæдтæй Уæрæсей фудгин кæнунбæл, мах, уæрæсейæгтæ, ба син сæ туристон къабазæн не 'хцатæй агъаз кæнæн?!..

## НÆ БОН НÆХЕ РАВДЕСУН ЦÆМÆННÆ НÆЙ?..

Цæгат Иристони ци фæууидта æма ци базудта, уой фæдбæл Георгий Зотов æ финст æрмæги æримиста мæнæ ауæхæн хабар:

– Дзæуæгигъæуи фæсевæдон игъæлдзæг æма дзурдарæхсти театри разамонæг **Плити Сослан** мин радзурдта еу таурæхъ. Мистæ, дан, гъолон уруйæн уотæ бакой кодта: «Игъосис, айæ циуавæр хабар æй? Ду цæрис, фадуатгун рауæни, хуæруйнаг дин æрбахæссунцæ, дон дин æййевунцæ, мæнæн ба хъапхантæ æвæрунцæ, маргæй мæмæ гъавунцæ». Æма ин гъолон уру уæхæн дзуапп равардта: «Игъосис, дæхе æстаун нæ зонис…» Уæд махмæ уæхæн зундирахаст цæмæннæ ес, æма нæ хуарз цæмæн арæхсæн федауцæй бавдесун? Ацъагъуæ гъæуагæ ан æви нæ фурзийнади фудæй? Аци фарста мæмæ фæззиндтæй, уæрæсейаг хумæтæг цæргути лæдæрундзийнæдтæ нæ республики туххæй нерæнгæ дæр ма баст цæунцæ, еу-дæс æма инсæй анзей размæ си ци хабæрттæ адтæй, уони хæццæ. Еци гъудимæ гæсгæ, ами æдасæй фезмæлæн нæййес, хуæнхти æма гъæути цидæр закъæгинтæ сæ автоматти хæццæ зелунцæ. Ду, Георгий, ардæмæ ку нæхстæр кодтай, уæд дæ, æвæдзи, фарстонцæ, цæмæн цæуис Дзæуæгигъæумæ? Уоми хъæбæр тæссаг æй! Фæуувидтай? Уотемæй ба 'й нур дæхуæдæг ку уинис, Иристони цардиуагæ æй сабур, æма мах туххæй æведауцæ дам-думтæ ке кæнунцæ кадæртæ, е, æвæдзи, нæхе фуд дæр æй. Ци нæмæ ес, уой хузæнонæй равдесун нæ бон нæй. Уомæ гæсгæ ба Уæрæсей иннæ регионти уотæ æнгъæлунцæ, æма нæмæ уавæр æй уæззау, тæссаг.

Уотæ ка гъуди кæнуй, уонæн мæ бон æй федарæй зæгъун: Цæгат Иристони уогæй, æз мæхуæдæг мæхе цæститæй фæуувидтон, æцæгæй ами царди уавæртæ циуавæр æнцæ, уой. Æдас си ке æй, е бæлвурдæйбæлвурддæр æй, дзубанди дæр ибæл нæййес. Никки ба ма си царди уавæртæ дæр зингæ хиццагдæр æнцæ. Зæгъæн, мæскуйаг æргъти хæццæ рабаргæй, ами æргътæ 'нцæ 2-2,5 минкъийдæр. Гурдзимæ цæугæй дæ де ‘хца раййевун гъæуй еци паддзахади æхцамæ. Ами, Цæгат Иристони ба дæ бон æй алкæмидæр æма алцæй туххæй дæр уæрæсейаг сомтæй федун, берæ рауæнти ба банкти картитæй дæр. Дзæуæгигъæуи ес, фæлхасгæнæги сæхердигæй фæккæнуни зæрдтæй, кæрæдзей хæццæ ка ерис кæнуй, уæхæн берæ ресторантæ – архайунцæ иуазæги хуæздæр исбоц кæнунбæл, аллихузон хуæруйнæгтæ хуæрзгъæдæдæрæй исцæттæ кæнунбæл. Ами бундорон адæмихæттитæн сæ хуæруйнаг æй, дини æмбæрцæ æцæг лæдæруйнадæ.

Хатир уи корун, фал æй гъæуама зæгъон: кæцифæнди турист дæр, абони уа æви исон, уæддæр бунæттон цæргути уодиконд еуцæйбæрцæдæр фехалуй. Æрцæуæггаг иуазæгмæ (уони уинæн Сочи æма Хъирими) рахастдзийнадæ исуй æхцайæй барæгау. Уой фæуувидтон Тбилисий, сахари астæу хуæрæндæнтти æма хуæлцæ уæйæгænæн рауæнти хуæруйнаги хуæрзгъæдæдзийнадæ фæннил-лæгдæр æй: мæнæ кафемæ æрбацудæнцæ ирайнæгтæ кенæ япойнæгтæ, етæ гурдзиаг хуæрæндони гæнæнтæ нæ зонунцæ. Зæгъæн, хачапурийæй син зæрдæ байвæрдзæнæнцæ, фал син уой рæуонæй æндæр цидæр

ку рахæссонцæ, уæддæр æй нæ балæдæрдзæнæнцæ, уомæн æма æцæг хачапури ци æй, уой нæ зонунцæ. Цæгат Иристони ба æрбацæуæг иуазгутæмæ ес бустæги æндæр, лæмбунæг æма гъар рахастдзийнадæ. Мадта ма еума дессаги хабар: хуæнхаг гъæути куддæр еске дуар бахуайинæ, æдонуг дæн, зæгъгæ, уотæ мæмæ уайтæкки фæдздзориуонцæ, медæмæ рацо, зæгъгæ, мæнæ ами финги уæлгъос æрбадæ æма, ци нæмæ ес, уомæй исахуадæ.

Дзæуæгигъæуи цæргути ку бафæрсинæ, еци гъæунгæ ба кæми æй, зæгъгæ, уæд ниууадзиуонцæ сæ хабæрттæ, æма мæ еци гъæунгæмæ бахъæртун кæниуонцæ. Еунæг адæймаги дæр си нæ фæууидтон «Калашников»-и автомати хæццæ, кенæ блокпости хæццæ. Ами тугъдон цаутæ нæ цæуй 1992 анзи фæззæгæй, ирон-мæхъæлон цаути фæсте.

***

Æ финстæги Георгий Зотов уой дæр æримиста, Цæгат Иристони уогæй ин куд гъаст кодтонцæ, гъома, гъулæг куд нæ фæккæсдзæнæй, Уæрæсей цæргутæ, уой дæр еу бонмæ мингай адæймæгутæ Дзæуæгигъæубæл банæхстæр унцæ гурдзиаг курорт Гудауримæ, уоми хуæнхон лыжитæбæл гурунмæ. Фал си уотæ ба неке бафæрсдзæнæй, гъа-уай, ами Иристони ба еци ерхæфсæн гъуддагæн гъæугæ уавæртæ ес æви нæ. Уотемæй ба си куд нæййес. Зæгъæн, Цъæй – алцæмæй дæр æнхæст ефтонггонд æй, австриаг къанатти над си ес... Берæ ‘й нæбал гъæуй, уæдта гъæуама байгон уа нуриккон хуæнхон лыжитæбæл гурæн курорт «Мамисон».

Нæкæси, Уæрæсей Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Александр Новак** æрæги Цæгат Иристони косæг балций ку адтæй, уæд бабæрæг кодта аци арæзтадæ дæр. Уой хæццæ баст фарстатæбæл фæстæдæр бæлвурдæй æрдзубанди кодтонцæ сæрмагонд æмбурди.

Акционерон æхсæнадæ «Кавказ»-и генералон директор **Хасан Тимижев** куд радзурдта, уотемæй «Мамисон»-и арæзтади фиццаг гъуддæгутæ æнхæст кæнунмæ бавналдзæнæнцæ 2022 анзи. Уой фæсте, 2023-2024 æнзти искосдзæнæнцæ хуæнхон лыжитæбæл гурæн нæдтæ – сæ дæргъæ уодзæнæй 20 килуметри. Иуазгути 200 метрон бæрзæндæмæ ласдзæнæнцæ рæтæн есæнтæ.

Александр Новак куд баханхæ кодта, уотемæй «Мамисон» баст æй Цæгат Иристони идарддæри социалон-экономикон ирæзти хæццæ:

– Гъæуама аразгутæ, регионалон разамунд устур куст бакæнонцæ. Фиццаг дууæ анзей дæргъи гъæуама инвесторти æргом раздахонцæ проектмæ. Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** загъдмæ гæсгæ курорти фæззиндзæнæй 700 мин бунати кæми уодзæнæй, уæхæн фусунуæттæ, ресторантæ, тукæнттæ, транспортон инфраструктури объекттæ, туристтæн гъæугæ аллихузон лæггæдтæ.

Æ радзубандий ма уотæ загъта:

– Хуарз инвестор нæмæ ес «Мамисон»-æн, æ фæлтæрддзийнадæ агъазиау æй, куста «Красная поляна»-йи æма æндæр курортти арæзтæдти. Нуртæккæ цæттæ кæнуй арæзтади дуккаг хаййæн гъæугæ документтæ. Гъæуама 2023-2024 æнзти фиццаг туристтæбæл исæмбæлæн.

Фиццаг анз курорт есдзæнæй 100 мин адæймаги, 2030 анзи ба 700 мин туристи.

Хасан Тимижеви дзубандимæ гæсгæ, инвесортæ бавналдзæнæнцæ 1950 бунатемæн фадуæттæ аразунмæ. Нуртæккæ ма æртæ инвестори цæттæ ‘нцæ проекти архайунмæ, сæ фараст миллиард соми исхарз кæнунмæ цæттæ ‘нцæ.

***

Цæгат Иристонмæ æрбацæунмæ ка гъавуй, уонæн ами цæмæдессаг уодзæнæй еума рауæн – Национ парк «Алани». Æй Дигоргоми. Уой бабæрæг кæнгæй, Георгий Зотов базонгæ ‘й ами ци минкъий фусунуæттæ ес, уони хецау, Мæздæгæй рацæуæг **Сергей Селезневи** хæццæ. Мæскуйаг иуазæг си хъæбæр фæббоз æй. Уой туххæй, уотæ ниффинста:

– Хуæнхти мæ раласæ-баласæ кæнуй. Уæхæн рæсугъддзийнæдтæ æз некæд фæуυидтон. Нæдтæ бустæги хуарз нæ ‘нцæ, сæ еуетæ – пурхитæ, фал си уæхæн хузтæ раргом унцæ æма дессаг. Æруагæс дæр ми нæ кæнуй, раст цума Уæрæсей нæ дæн, фал раст Италий, Швейцарий кенæ Баварий.

– Ами, хуæнхти, адтæй цалдæр паддзахади, астæуккаг æности мæсгутæмæ амонгæй, – дзоруй Сергей. – Астæуккаг æности адæм аразтонцæ мæсгутæ, цæмæй уайтæкки иннетæн фегъосун кæнонцæ знæгти æрбампурсти туххæй. Æхцæуæн мин æй, адæм карантини фæсте нæуæгæй ардæмæ ке цæунцæ, е. Мах син бæхтæбæл, нæ хуæдтолгæ – «брунгильде»-бæл цæуни фæткæ амонæн. Уотæ ку рауайай, уæд нæ багъæуддзæнæй уæлæнхасæн фусунуат аразун. Ардæмæ ке рацудтæн, е мин хъæбæр æхцæуæн æй. Æ уæлдæф ци хъæбæр дессаг æй, æ дæнттæ, æрдзи рæсугъддзийнæдтæ аргъауи хузæн.

Цæгат Иристони уогæй ми комкоммæ баруагæс æй, цæйбæрцæбæл æнæбунати æнцæ ардигон адæми туххæй ци æведауцæ дам-думтæ райгъусуй, етæ. Кæд ескæми хуæрзæгъдау æма хебæлхуæцгæ адæм ес, уæд ами. Иуазæг сæмæ хъæбæр нимади æй, уæлдайдæр ба силгоймæгтæ ку уонцæ, уæд. Уомæ гæсгæ куд нæ балæдæрдтайнæ Плити Сослани мæстгун дзубанди:

– Уотитæ ка дзоруй, æма иуазæгуати нæмæ æрбацæуæг силгоймаг-туристкитæмæ Цæгат Кавкази нæлгоймæгтæ се ‘ргом æведауцæ хузи æздахунцæ, етæ æгириддæр раст нæ ‘нцæ. Уæдта ма уотæ дæр зæгъдзæнæн æма етæ зундæй киуд æнцæ, кенæ ба сæхуæдтæ уæхæн гириззаг миутæмæ тулаваст æнцæ. Махмæ нæлгоймаг ма хебæлхуæцгæ ‘й, ка ‘й зонуй, иуазæг силгоймагмæ е ‘ргом ку раздаха, уæддæр хуæрзæгъдауæй, ести имæ ку исдзора, уæддæр зæрдæхцæуæн загъд. Æфхуæрæн миуæ ка бавдеса, уомæн ба, æ рази нæлгоймагæй-силгоймагæй ка фæууа, уонæн ин æхе кадæртæ æнæмæнгæ бафхуæрдзæнæнцæ.

Уомæ гæсгæ ба, куд нæхемæ Уæрæсей федералон, уотæ фæсарæйнаг дзиллон хабархæссæг фæрæзнити фулдæр парахат кæнун гъæуй, æцæгæй уавæр куд æй, уой туххæй хабæрттæ, иуазæгуати нæмæ ка адтæй, уони цæстингас. Уой фæдбæл нæ абони дзубандий кæронбæттæни æрхæсдзинан еума дæнцæн.

## «МÆ ЗÆРДÆ ИРИСТОНИ БАЙЗАДÆЙ»

Мæскуй цæрæг **Еленæ Чернышкова** Цæгат Иристон фиццаг хатт бабæрæг кодта. Æма журналист Георгий Зотови хæццæ фембæлгæй, уотæ радзурдта:

– Мæ балци мин рахаста къуæрей бæрцæ. Фусунтæ – мæ ирон лимæнтæ – байархайдтонцæ, цæмæй цубур рæстæгмæ фулдæр фæууинон республики рæсугъддæр бунæттæ, хуæздæр ин базонон æ адæми… Æма Иристон, æ иуазæгуарзагæ æма зæрдхæлар адæм мæ уодæн уотæ адгин иссæнцæ, æма мæ мæ къах уордигæй нæбал хаста. Еци алæмæти бæстæ фæууинуни фæсте мæ нæдæр денгизи билæмæ, нæдæр фæсарæйнаг курорттæмæ уоййасæбæл нæбал фæндуй цæун, – зæгъуй Еленæ.

Дзæуæгигъæуи уогæй, Георгий Зотов ци фæуυидта æма æ зæрдæбæл хъæбæрдæр ци бадардта, уонæй еу адтæй мæнæ ауæхæн цау дæр:

– Сахари сæрдигон кафей тургъи нæмæ хæстæг ци æригон кизгуттæ-туристкитæ бадтæй, етæ хъæбæр цæмæдесæй дзубанди кодтонцæ сæ балций туххæй. Еу си уотæ ку зæгъидæ: «Игъосай, уой æнгъæл нæ адтæн æма ауæхæн дессæгтæ фæууиндзæнæн ами – раст цума фæсарæнти ан, уотæ!..»

Еци хабар æримисгæй, журналист раст исхатдзæг кодта. Æ гъудимæ гæсгæ дуйне базонун дæр гъæуй, фал бал фиццагидæр æргом раздахун гъæуй нæхе бæстæмæ: уæхæн аллихузон, уæхæн цæмæдессагмæ.

Уомæ гæсгæ ба ахсгиаг æй, еума хатт æй зæгъæн, цæмæй фулдæр æма парахатдæрæй игъуса æнæгъæнæ Уæрæсей дæр æма фæсарæнти дæр, Цæгат Кавкази уæхæн косæндæнттæй ка ес, уони кой. Уой фæдбæл адтæй нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлой дзубандий сæрйагдæр медес, æрæги ин федералон дзиллонхабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми. Æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Цæгат Кавкази республикитæй алкедæр æхердигонау рæсугъд æй, алкæмидæр си цæруй хуарз адæм, дзæбæх æма цæмæдессаг æнцæ сæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ æма æ цардарæзти фæткитæ. Æма сумах пресс-тури хузæн мадзæлттæ ахсгиаг æнцæ, цæмæй уе ‘рмæгути цæгаткавказаг республикити хуарздзийнæдти туххæй зæрдтагонæй финсайтæ. Уомæй сæмæ иннæ рауæнти цæрæг адæмти æргом æздахетæ, зæрдæмæддзæугæ син сæ кæнетæ. Фæндуй мæ, цæмæй нæ республикæмæ айдагъ уацхæсгути цæстæй ма ракæсайтæ, фал хумæтæг адæми цæстæй. Уæд фулдæр хабæрттæ базондзийнатæ. Абони нæмæ фулдæр туристтæ цæун ке байдæдта, е ба уобæл дзорæг æй, æма бæлццæнттæн Иристон раздæр куд адтæй, уотæ бабæй цæмæдессагдæр иссæй. Цæмæй еци гъæугæ гъуддаг изолдæр ирæза, уомæн ба ма никки хуæздæр фадуæттæ æнæмæнгæ искæндзинан...

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй ауæхæн зундгин загъд: «Иуазæг ку рандæуй, фусунти уæд фестауй!..» Æма ни æруагæс кæнуй, нæ республики алцидæр хузæнонæй арæзт цæудзæнæй, цæмæй ни нæ иуазгутæ боз уонцæ, ка си кæцæй æрбацудæй, уомити дæр.

...Аци æрмæг бакæсгæй, ка 'й зонуй, еске уотæ дæр зæгъдзæнæй, гъома, нури тæссаг уавæрти нæбæл кæцæйдæрти æрбацæугути цæбæл æмбурд кæнуйнаг айтæ, зæгъгæ. Уæхæн гъудий фæдбæл уой зæгъуйнаг ан, æма дзубанди айдагъ абони туххæй нæ цæуй. Кæддæр уа, уæддæр пандемийæн кæронгонд æрцæуудзæнæй, нæ цардиуаги уавæртæ æрцæуудзæнæнцæ сæ кеми, ралæуудзæнæнцæ нæ кæрæдземæ бабæй æдасæй иуазæгуати цæуни рæстæгутæ дæр. Æма сæ гъæугæ хузи исиуазæг кæнунмæ ба цæттæ ун гъæуй, равгитæ рагацау аразгæй.





*СОКРАТ, рагонбердзенаг философ: «Æз æнгъæл дæн æма лæг хуарз ку кæна, уæд уомæй хуæздæр цард нæййес. Нæййес уомæй хуæздæр игъæлдзæгдзийнадæ, лæг зæрдиагæй ку гъуди кæна хуарзи бацудтæн, зæгъгæ. Аци хуарз амонд æз бавзурстон, æма уомæн æвдесæн æй мæ намус...»*

***Не 'мзæнхон, номдзуд геолог МУДОЙТИ Цæрайи фурт Геуæргий райгурдбæл 30 июни исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1901-1991). Æ карнæ уотæ рауадæй, æма Ленинградi хуæнхон институт каст фæууогæй, косунмæ æрвист æрцудæй Казахстанмæ. Æма си æ цæргæцæрæнбæнтти фæккуста кадгинæй. Аци республикæн берæ хуæрзти бацудæй, æма си хъæбæр устур нимади адтæй, кадæ ин кодтонцæ. Исаккаг ин кодтонцæ Казахстани науки æскъуæлхт архайæги кадгин ном, адтæй Казахстани наукити Академий иуонг-корреспондент. Æхсæз анзей размæ ба Казахстани К.И.Сатпаеви номбæл национ техникон университети аудиторитæй еуемæн лæвæрд æрцудæй Мудойти Геуæргий ном.***

***Мудой-фурти туххæй æ рæстæги берæ æрмæгутæ мухургонд æрцудæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, наукон журналти, хецæн киунугути. Нæ номдзуд æмзæнхони рохс ном æримисунæн си равзурстан, зундгонд журналисттæ ЧЕРЧЕСТИ Геуæрги æма БОГАЗТИ Умар кæддæр ци очерк ниффинстонцæ, уой. Æ фиццаг хай ин ниммухур кодтан нæ газети айразмæ номери, абони ба ин кæсетæ æ дуккаг хай.***



# ÆРДЗÆ ИН Æ ИСКОНДИ ХÆЗНАТÆ ХАРАКЕТТÆЙ ÆРГОМ КОДТА...

Кассинæн ести гъуддаг ciйфæнди хъæбæр ку фæццæуидæ æ зæрдæмæ, уæддæр ефстагмæ растауидæ æ исаразæги – æвæдзи, тæрсидæ, е æхебæл æгæр ку фенвæрса, æма æ равгити бæрцæ ин ку нецибал æнтæса. Фал аци хатт ба æргом цийнæгæнгæй загъта:

– Кæд æцæгæйдæр уотæ 'й, уæд е æнæгъæнæ бассейн ку æй.

– Ка 'й еци Мудой-фурт? Цæмæн ибæл гъæуама хъæбæр бауæндæн? – десгæнгæ дзурдтонцæ еуæй-еу зундгонд ахургæндтæ.

Фиццаг фæлварæн куститæ равдистонцæ, уæди уæнгæ ци геологи нæ зудтонцæ, е раст ке разиндтæй. Геуæрги ци агъазиау гъуддæгутæ исаразта, етæ зин банимайæн æнцæ. Исфæлдистадон гъуддаги, ахурдзийнадæй уæлдай ма устур ахедундзийнадæ ес интуици æма сауæнгæ фантазийæн дæр. Гъо-гъо, фантазийæн, уомæн æма æндæр куд исхонæн ес, зæнхи хæзнатæ бæрæг кæнгæй адæймагмæ цал æма цал æнахур гъудий фæззиннуй, уонæн?

Дорæвзалуй кенæ æндæр къахгæ хæзнати тæлмитæ исеруни туххæй зæнхæ не 'схъел кæндзæнæ, уæдта еу тæлмæ ку иссерай, уæд дин е æндæр тæлмæ ма си ес æви нæ, уой туххæй неци зæгъдзæнæй. Тæлмæ æхуæдæг цæйбæрцæ 'й, уомæн дæр нæййес фæууинæн – уой туххæй дæ зæнхи бунмæ ниххезун гъæуй. Еу скважинæ никъкъахунæн дæр берæ фæрæзнитæ гъæуй. Æма етæ ба цæйбæрцæ фæуунцæ!

Мадта уæд куд кæнгæ 'й? Ами устур агъазгæнæг æй наукæ. Сæдæгай æнзти дæргъи геологтæ морæгай фембурд кодтонцæ сæ хъазар фæлтæрддзийнадæ, хуæздæрæй-хуæздæр кодтонцæ сæ методтæ. Сæ кусти сæйрагдæр æй, зæнхи арфи тæлмæ куд цæуй, уой исбæрæг кæнун, къæдзæ 'й æви æмраст, кæцирдæмæ цæуй...

Геуæрги берæ фæййархайдта, Карагандай районi туххæй ци зудтонцæ æ размæ, уони рартасунбæл. Æма æ къохи бафтудæй зæнхи хæзнадони сосæгдзийнæдтæмæ никкæсун. Е дзурдта, зæгъгæ, æвзалуй тæгтæ-тæлмитæ цæунцæ Карагандайæй Сорани сахари æрдæмæ. Ци картæ искодта, уомæ гæсгæ исбæрæг кæнуни туххæй цалдæр рауæнеми никъкъæрттитæ кодтонцæ шахтитæ... Æма геологи дзурд раст рауадæй. Æхцæуæн хабар рарвистонцæ Мæскумæ: æригон геолог ци загъта, е æцæг разиндтæй.

Фæллойни æма æдасдзийнади Совет (СТО) рахаста унаффæ, цæмæй цубур рæстæгмæ косун райдæдтайдæ Карагандай дорæвзалуй бассейн.

... Уæд дин Геуæргимæ ку фæдздзориуонцæ Мæскумæ. Е сабургай бацудæй, æвзалуй куст кæнуни фарстати фæдбæл Еугурцæдесон æмбурд кæми адтæй, еци залмæ. Президиуми рауидта, уæди уæнгæ айдагъдæр киунугутæ æма газетти мухургонд хузтæмæ гæсгæ ци номдзуд геологти зудта, уони. Æрбадтæй Геуæрги зали уæгъдæ бадæнтæй еуебæл æма аййевæй залбæл æ цæстæ радардта. Æма дин уоми фарсбæл ку рауинидæ устур гæгъæди. Лæмбунæгдæр имæ бакастæй. «Айæ мæ картæ ку æй!..» – бадес кодта Геуæрги. Картæ ауигъд адтæй тæккæ бæрæгдæр рауæн. Æновудæй кæбæл фæккуста, берæ кæбæл фæссагъæстæ кодта, æ еци картæ. Бæргæ бадестæ кодта, фал дин уой хæццæ ба ма æ зæрдæ ку ниссæххæт кæнидæ: фæстаг бæнтти картæмæ ци нæуæг æйййивддзийнæдтæ бахаста, етæ си бæрæггонд нæ разиндтæнцæ.

Æма æмбурди куст рауолæфунмæ ку бауорæдтонцæ, уæд Геуæрги батагъд кодта Кассинмæ.

– Николай Григорийи фурт!

– Ци 'рцудæй? Цæбæл тухсис? – ходæзмолæй æй рафарста Кассин.

– Картæ фарсæй рафтаун гъæуй!

– Цæмæн?

– Ме 'йййивддзийнæдтæ имæ бахæссон, – сабургай загъта Геуæрги.

Ахургæнæг æ ахургæнуйнаги æ хъури никкодта.

– Ехх, мæ лимæн, – рæвдаугæ гъæлæсæй загъта, – ами ка бадуй, уонæй алкедæр хъæбæр æхцæуæнæн æхе исхонидæ уæхæн карти автор æнæ еу æйййивддзийнадæй дæр...

Карагандай æвзалуй бассейн æнтæстгинæй косун райдæдта. Мудойти Геуæргий ба райййивтонцæ æндæр кустмæ – Казахстани геологон-сгарæн управлений геологон хузесæн сектори хецауæй. Еци-еу рæстæг æй байагурдтонцæ Казахстани геологон-сгарæн техникуммæ лекцитæ кæсунмæ, уæдта Казахстани хуæнхон-металлургон (нуртæккæ потитехникон) институтмæ дæр.

Фал уæддæр Геуæргийæн æ бон нæ иссæй æртасæн кустбæл æ къох ракъуæрун. Æ зæрдæ дзоруй нæуæг районмæ – Завалийски Алатаумæ. Æма бабæй ами дæр æ къохи бафтудæй устур æнтæстдзийнæдтæ. Еци кустити бундорбæл ниффинста кандидатон диссертаци æма тагъд рæстæги иссæй наукити кандидат.

Геуæргий царди 1948 анз ахæссуй уæлдай ахсгиаг бунат – Карагандай æвзалуй бассейни иннæ геологти хæццæ устур геологон-æртасæн куститæ ке бакодта, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй ССР Цæдеси Паддзахадон премий лауреати ном.

Уæдæй фæстæмæ дæс анзи рацудæй, æма Мудойти Геуæргийæн исаккаг кодтонцæ Ленинон премий лауреати кадгин ном – Казахстани идарддæри геологон-сгарæн куститæ æнтæстгинæй ке кодта, уой туххæй.

Берæ наукон куститæ исæнхæст кодта Мудойти Геуæрги. Е разамунд лæвардта ахургæнгути æма студентти устур къуарæн минкъий Каратауи. Иссирдтонцæ си цинк æма изди. Геуæргий фæрци геологтæ иссирдтонцæ хуæрзгъæдæ доломити игурæн.

«Казахстани ССР Наукити академий Хабæрттæ», зæгъгæ, наукон журнали не 'мбæстаги туххæй уотæ финст ес: «Мудойти Геуæрги æй, республики зæнхи хæзнатæ исбæрæг кæнунæн æ берæ хъауритæ æма ахургондзийнадæ ка равардта, уæхæн устур геолог...»

Мудойти Геуæрги Казахстани политехникон институти геологон æма къахгæ хæзнатæ агорæн кафедри сæргълæууæгæй косгæй берæ арфиаг гъуддæгутæ исаразта. Дæс æма дуинсæй анзей дæргъи æ дæсни разамунди фæрци цæттæгонд æрцудæй мингай специалисттæ.. Етæ архайунцæ геологон къуæртти, экспедицити, наукон æма проектон институтти нæ бæсти аллирауæнти.

Казахти ССР-и наукити Академий геологон наукити институти косгæй – раздæр наукон косæгæй, 1946 анзæй фæстæмæ ба сектори хецауæй – Мудойти Геуæргийæн æ къохи бафтудæй устур æнтæстдзийнæдтæ. Уогæ айдагъ наукон куст нæ кæнуй, æй ма геологон зонундзийнæдти æвæллайгæ парахатгæнæг дæр. Разамунд дæттуй æхсæнадæ «Зонунадæ»-йи геологон географий секцийæн, кæсуй лекцитæ фæллойнæгæнгутæн.

Мудойти Геуæрги ниффинста æма мухури рауагъта дæс æма дууинсæй наукон кусти, бацæттæ кодта наукити финддæс кандидати.

Æма уæд экспедицитæ ба? Адæймагбæл æртинсæй анземæй фулдæр ку цæуа, уæд ин, æвæдзи, зин фæууй къæдзæмæдзæ нæдтæбæл цæун. Фал Мудой-фуртæй уотæ зæгъæн нæййес. Еухатт ка уа геологон балций, еухатт ка базона, зæнхи хæзнатæ иссерун ци 'й, уой, уæд уомæн бауорамæн нæбал ес.

Геуæрги адтæй гъе уæхæн адæймаг. Нур ба æ зæрдæ Мангышлакмæ дзурдта. Хуæрзæрæги дæр бабæй уоми адтæй. Æма цийнæгæнгæй æ хабæрттæ дзоруй:

– Мангышлаки æрцæрунмæ тагъд рæстæги беретæ бæлдзæнæнцæ. Е исуодзæнæй рæсугъд бæстæ!

Махæй дæр æруагæс кæнуй – исуодзæнæй, уомæн æма имæ се 'ргом раздахтонцæ Мудойти Геуæргий хузæн бæгъатæртæ, æ адæми, æ Райгурæн бæстæ берæ ка уарзуй, æма уони сæрбæлтау рæстуодæй архайунмæ цæттæ ка 'й, уæхæн адæймæгутæ.

***1967 анз.***

**Кæрон.**
**Райдайæн 43-аг номерти.**

**РЕДАКЦИЕЙ:** *Аци æрмæг, ку зæгъæн, финст æрцудæй Мудойти Геуæрги ма цардæгас ку адтæй, уæд. Æма си, куд уинетæ, дзубанди цæуй рагон хабæртти туххæй. Абони ба Геуæрги æхуæдæг дæр, уæдта æрмæг ка ниффинста, еци журналисттæ дæр, гъулæггагæн, цардæгас нæбал æнцæ. Æма уомæ гæсгæ æрмæги искондмæ неци æйййивддзийнæдтæ бахастан – хевæндæй еци гъуддаг исаразун бустæги раст, æвæдзи, нæ адтайдæ. Æцæг – нæ зæрди ма ес, Мудойти Геуæргий ка зудта, уони имисуйнæгтæ фæстæдæр ниммухур кæнун.*

***

*Аци æрмæг мухурмæ цæттæ кæнунмæ нин фæййагъаз кодтонцæ Киристонгъæуи Цæголти Геуæргий мемориалон музейи косгутæ.*



***Казахстани К.И. Сатпаеви номбæл национ техникон университети МУДОЙТИ Геуæргий номбæл аудиторий ахид арæзт æрцæуй аллихузон ахурадон-наукон мадзæлттæ.***

**Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар Николай Федори фурт Ватутини райгурдбæл 3 декабри æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1901-1944). Æ рæстæги службæ кодта Цæгат Кавкази. Æ номбæл гъæунгæ ес Дзæуæгигъæуи.**

*Номдзуд уруссаг финсæг Иван КРЫЛОВ (1769-1844) уотæ финста: «Адæм гъæуама еудадзуг дæр гъуди кæнонцæ дууæ гъуддагебæл: фиццагидæр, уæлзæнхон цард цубур ке ‘й, дуккагæй ба уобæл, æма дæ исонибони æцæг дуйнæй цардæн кæрон ке нæййес...» Раст æй аци загъд, æма уæд хузæнонæй бацæрунмæ цæмæннæ арæхсæн?*



# ÆУУÆНККАГ ЦИ УА, Е ÆНÆБАРИ ДÆР БАРУАГÆС УОДЗÆНÆЙ...

***Дуйней искони ес, адæймаг аллибон ке уинуй, хуарз ке зонуй æма ин лæдæрд ка ‘й, уæхæн æцæгдзийнæдтæ: зæгъæн, сæрдигон гъар ке фæууй, зумæги ба уазал, уарун дæбæл ку фæууа, уæд ке ницъцъифæ уодзæнæ, арт содзгæ ке кæнуй æма уотæ идарддæр... Фал фæууй уæхæн хабæрттæ дæр, æма адæймагæй æруагæс дæр нæ фæккæнунцæ. Нæ фæккæнунцæ, цалинмæ син æхуæдæг æвдесæн нæ исуй. Цалдæр уæхæн хабарей кой уин ракæнуйнаг ан абони.***



### ÆЦÆГ ХАБАР

Не ‘рвадтæлтæй еу уосгор лæхъуæн хъæбæр фæссæйгæ ‘й. Уони уоститæй еудадзугдæр æ рази ка бадтæй, е ба мæ фиди хæццæ дууæ хуæрей цæуæт адтæнцæ. Æма еу изæр мæ фидæмæ дзоруй:

– Нæхемæ ниуууайон, сувæллæнттæн хуæруйнаг ракæнон.

Мæ фидæ дæр æ фæсте ниццудæй æма ‘й фæрсуй:

– Нæ сæйги хабар дæмæ куд кæсуй?

Силгоймаг ин ци дзуапп равардта, уоми, адæймаги зæрдæ цæмæй фæннифсгундæр адтайдæ, уæхæнæй неци адтæй. Æма уæд мæ фидæ загъта:

– Ду дæр æй уинис, æз дæр æй уинун, фæйййервæзгæ сæйгæ нæй… Сæумæй ескети рарветун гъæуй, гал дæр æркæнæнтæ, фустæ дæр æма бæх дæр.

Фæстæмæ сæйги размæ æрбацудæнцæ, æ рази æрбадтæнцæ. Мæ фидæ сæ хестæр адтæй, æма ‘й Гаги худтонцæ. Æма, дан, сæйгæ дзоруй, Гаги мин мæ хай рахецæн кодта, зæгъгæ.

Дуккаг бон фæсхонхмæ – фонс уæд уоми адтæнцæ – бицеути рарвистонцæ гал æма бæхмæ. Æма син саргъи бæх æрахæссун нæ бакумдта. Æндæр гæнæн син нæбал адтæй, æма æрахæстонцæ, косгæ кæбæл кодтонцæ, уæхæн бæх. Еци хабар куддæртæй балæдæрдтæй сæйгæ, æма нийнæфтæй:

– Æллæх, æллæх, фæллад бæх мин æрласунцæ...

Кæд некæми неци ес, уæд сæ цæмæй зудта, ци дзурдтонцæ æма циуавæр бæх æрахæстонцæ, еци хабæрттæ?

***

*Аци, уæдта ма мæнæ идарддæр ци дууæ хабари («Мади фун» æма «Кизги фун») мухур кæнæн, уони æ рæстæги радзурдта Едзити Адокка, финсæг ба сæ никкодта е ‘рвадæ Æндрей (Тумугъ).*

### МАДИ ФУН

Кæддæр æригон бицеуæй автобуси цудтæн сахарæй Алагирмæ. Уоститæ дзубанди кодтонцæ, æз ба сæ рази лæуд фæдтæн. Еу уосæ си уæхæн хабæр ракодта:

– Цалдæр боней разæй мæ синхæнтти хæццæ зиани адтæн. Еу уосæн æ бицеу цалдæр мæйей размæ рамардæй, æма ‘й æ фуни фæууидта арæзтæй, игъæлдзæгæй, æма ‘й фæрсуй:

– Ци игъæлдзæг дæ? Еци арæзтæй кумæ цæуис?

Бицеу ин дзоруй:

– Уосæ корун исон.

Гъæуи ном ин загъта, сæ муггаг, кизги ном æма ниффæдзахста:

– Киндздзæгтæ ин ниххæссæ, уæдта ибæл къохдарæн дæр бакæндзæнæ.

Уосæ æваст фегъал æй. Куддæр бон фæррохс æй, уотæ нæмæ æрбахуаста æма нин æ фун радзурдта. Мах синхи цалдæр уосемæй такси байхуæрстан æма æ хæццæ рандæ ан, æ фурт ин кумæ загъта, уордæмæ. Еци хæдзари дуармæ лæудтæнцæ адæм. Мах кедæр рафарстан, ами ци ес, зæгъгæ, æма нин е загъта:

– Æзинæ сæ кизгæ рамардæй.

– Мах кæугæ бацудан, æма син фун радзурдтан. Уосæ си барæ ракурдта, цæмæй ибæл киндзи хъæппæлтæ искæна. Барæ ин равардтонцæ, хъæппæлтæ, уæдта къохдарæн æрбаластан æма ибæл сæ искодтонцæ. Æ бони ба сæмæ мæрддзогойнæй фæццудан

Гъе уæхæн цæмæдессаг хабар фегъустон. Æвæдзи, а дуйнебæл дзæгъæли неци цæуй…

### КИЗГИ ФУН

Кæддæр æй игъосгæ фæккодтон. Аци хабар, дан, фæсарæнти æрцудæй. Еу рæсугъд кизгæ цæстæй нæ уидта. Куй имæ адтæй æма уой хæццæ рацæуидæ. Еу бон надмæ рацæугæй æй, минкъийтæбæл хуæдтолгæ не ‘скъуæрдта æма нæ фæммард æй. Куй фæттарстæй, æхе ратудта, кизгæ ба тартлæуд кæнгæй райзадæй: ци кодтайдæ, уой нæбал зудта. Лæхъуæн хуæдтолгæй рагæпп ласта æма ин хилæ кæнунмæ гъавта. Ку балæдæрдтæй, кизгæ нæ уйнуй, уой, уæд имæ бацудæй, æрсабур æй кодта, кæми цæруй, уобæл æй бафарста æма ‘й сæхемæ баласта. Æвæдзи, хъæбæр рæсугъд кизгæ ке адтæй, уомæ гæсгæ ‘й лæхъуæн бауарзта. Ахид сæмæ бауайидæ, фал ин нæ арази кодтонцæ кизги нийергутæ, ду, дан, гъæздуги фурт дæ æма ни гириз кæнис, зæгъгæ.

Лæхъуæн æй æ мадæн загъта, æма ин æ мадæ уотæ:

– Кой дæр æй мабал искæнæ! Дæ фидæ дин мулкæй неци ратдзæнæй æма дæ хæдзарæй фæссордзæнæй.

Уæддæр лæхъуæн уобæл ниллæудтæй, мæн æндæр неке гъæуй, зæгъгæ.

Æма еубон кизгæ æ мадæн дзоруй, мæ фуни, дан, киндзи æрцудтæн, бицеу мин райгурдæй æма цæстæй уйнун райдæдтон. Æма, æцæгæй, еци лæхъуæнмæ æрцудæй. Бицеу син райгурдæй, кизгæ ба æ цæстæй уйнун райдæдта...

Алкедæр ни хуарз фунтæ уйнæд!

***

*Уæлдай дессаг ба е æй, æма мæнæ уин ци цауги кой ракодтан, уæхæнттæн неци хузи ес уæн, зæгъгæ, ка фæдздзоруй, уæлдайдæр ба сæ ахургонддзийнадæмæ гæсгæ, етæ дæр сæ уæхæн гъуди бустæги иннердæмæ раййевунцæ. Æма си æруагæс кæнун байдайуй, цидæр æнахур тухæ ке ес, кæций æрдзæ, адæймаги зунд æма зонундзийнæдтæ балæдæрунгъон нæ ‘нцæ. Нæ номдзуд поэт æма æхсæнадон архайæг **Малити Геуæрги** цæйбæрцæбæл ахургонд лæг адтæй, уой куд нæ зонæн. Æцæг, нæ бон нæй уотæ зæгъун, æма Хуцаубæл нæ ‘уæндтæй, атеистон зундирахастбæл хуæст адтæй. Уой тухæй, æнгъæлдæн, уоййасæбæл неци бæлвурд æвдесæнтæ ес. Фал уобæл дæр ци æнахур хабар æрцудæй, уой кой æ имисуйнæгти ракодта е ‘нсувæр Морат.*

### ... ÆМА ХУЦАУÆЙ ХАТИР РАКУРДТА

Цæветтонгæ, Геуæрги ахургæнæгæй Дзинагъай ку куста, уæд уолæфæн бæнтти ба рацæуидæ Мостиздæхмæ, æ бийнонтæ рабæрæг кæнунмæ. Хонхæй Мостиздæхмæ берæ цæуйнаг ке ес, уой зудта æма уомæ гæсгæ ба сæумæраги ранæхстæр уидæ, цæмæй афонæбæл исæмбалдайдæ æ хæдзарæбæл. Еухæтт рафæстеуат æй, ку æризæр æй, уæд рахъæрдтæй Тагъати Мусси цъæх аласа бæхбæл. Дзинагъай нихæси æй хестæртæй кадæр бафарста:

– Геуæрги, цирдæмæ рараст дæ?

Æма син е дæр дзуапп равардта, гъома, гъæутæмæ ракæсон, мæ бийнонтæ рабæрæг кæнон, зæгъгæ.

– Фæндараст уо, дзæбæхæй сæбæл исæмбæлæ, Уасгерги дин агъазгæнæг уæд, дзæбæхæй нæмæ æрбаздæхæ фæстæмæ,– загътонцæ ин нихæси бадгутæ.

Надбæл будурмæ рараст æй... Цæуй… Цæуй… Уасгергий ковæндонæмæ ку æрхæстæг æй, уæд æ меднимæр цæмæдæр гæсгæ рагъуди кодта, ами цæмæ фæкковунцæ, Уасгерги ес æви нæ, уомæн ка ци зонуй? Ковæндони размæ ку рахъæрдтæй, уæд æ бæх æрлæудтæй, цæун нæбал кумдта – нæдæр будурмæ, нæдæр хонхæрдæмæ, æ бунатæй не ‘змалдæй...

Геуæрги бæхæй æрхизтæй, идонæбæл рахуæстæй, æ фæсте æй раласунбæл архайуй, фал бæх æ бунатæй нецирдæмæ цудæй. А ци дессаг æй, еуæрдæмæ дæр æма иннердæмæ дæр ку нæ цæуй мæ бæх, зæгъгæ, Геуæрги гъудити бафтудæй. Цалинмæ бæхи хæццæ архайдта, уæдмæ берæ рæстæг рацудæй. Еци рæстæгути нæдтæбæл æнафони цæун тæссаг адтæй берæгътæй. Геуæрги сагъæс кодта, æрæги ку кæнун æма ци кæнон, зæгъгæ. Уæдта æ зæрди æрæфтудæй: æвæдзи, фæррæдудтæн, Уасгерги нæййес, зæгъгæ, ке расагъæс кодтон, уомæй, æма уомæ гæсгæ мæ бæх размæ нæбал цæуй. Æма уæд Геуæрги æргомæй загъта:

– Хуцау дæр, Уасгерги дæр, алцидæр ес...

Уотæ зæгъгæй ба бæхи идонæбæл рахæуæстæй, фал... Бæх уæддæр æ бунатæй нæ фезмалдæй. Æма уæд Геуæрги ковæндонæмæ фездахтæй, æ уæрагисæртæбæл æрбадтæй æма загъта:

– Хуцау, ниххатир мин кæнæ мæ рæдуд...

Геуæрги нæуæгæй ислæудтæй æ къæхтæбæл, æ бæхи размæ бацудæй æма имæ исдзурдта:

– Рацо мæ фæдбæл...

Æма бæх æ фæсте фæррараст æй. Геуæрги бæхбæл рабадтæй æма æ надбæл идарддæр рацудæй... Æма уæд Хуцауæй хатир ракурдта.

***

*Мæнæ идарддæр ци цауи тухххæй кæсдзинайтæ, уони ба рамухур кодтан Цæгат Иристони адæмон финсæг **Дарати Дамири** киунугæ «Ци фæууидтон, ци фегъустон, ци бавзурстон»– æй.*

### МАКЕ ТÆРЕГЪÆДИ БАЦО!..

Еу æхсæвæ ме ‘мбал Сханти Керим Ногири сæйраг гъæунгти æрцæйцудæй. Æнæнгъæлти æ хуæдтолгæ цидæр кодта, еуварс æй рахаста, æхе ставд тута бæласæбæл ниццавта æма дзухъмард фæцæй. Æз дуккаг бон еци æнæхайири бунатмæ иссудтæн. Бæласæн минкъий æ цъарæ растъигъдæй, æндæр ин неци адтæй.

Уомæй еуцалдæр боней фæсте еци гъæуи карз думгæ рацудæй, уарун сæх-сæхæй фемæхстæй, хæдзæрттæ сæртæ исиста. Ме ‘мбал æхе ци бæласæбæл ниццавта, уомæн дæр нæ батæрегъæд кодта, мæнæ ‘й цума нарти Мукара æ хъаурæгин къохтæй барæй истудта. Дæсфинддæс къахдзæфи уоддæр æй æрæвардта, цума ‘й идарддæр æ бон хæссун нæбал адтæй, уой хузæн. Æз имæ уинæг иссудтæн, æ къалеу си æвдесæндари хузæн мæ хæццæ рахастон, ме ’мбали цирти рази ‘й æрæвардтон æма бабæй нæуæгæй мæ гъости райгъустæнцæ, еу хатт мин ке загъта, еци дзурдтæ:

– Мæ тæрегъæди мин ка бацæуа, уомæн æй Хуцау дæр нæ ниххатир кæндзæнæй...

Æз Ногири гъæунгти ахид æрцæун: еци лæгмар тута бæласи бунати нецибал нийййаразтонцæ.

### Æ РОХСАГГАГ ФИДÆ КУД РАСТ РАЗИНДТÆЙ...

Мæ цардæмбал Фатъимæти мадæ Райкæмæ æ изол хæстæгутæ кæцидæр гъæуæй, еу лæг æма дууæ уоси, бæрæггæнæг иссудæнцæ. Ка нæбал æй, сæ еци ниййергути кой сæмæ рауадæй, æма син мæ каййес, е ‘дзард фиди дууæ хатти æ фуни ци хузи фæууидта æма ин еци фунтæ цæмæ рацудæнцæ, уой радзурдта:

Фиццаг фун:

– Мæ фидæ цума бæхуæрдуни, æз киндзи кумæ æрцудтæн, еци гъæунги иссæуй. Æз уæд мæ хестæр сувæллонæй æнгъæлдзау адтæн, æфсæрми си кодтон, тургъæмæ ’рбаледзон, зæгъгæ, рагъуди кодтон, фал мин нæбал æнтæстæй. Мæ размæ ку æрбахъæрдтæй, уæд æй фæрсун:

– Баба, æма нæмæ медæмæ нæ цæуис?

– Нæ мæ евдæлуй, – загъта мин е, – уалæ нæ синхаг Таучелати Хадзимусси агорун, мæ хæццæ ‘й хонун...

Бахудтæй мæмæ, æ бæхи фæсонтæ æхсæрлæдзæгæй æрцавта æма райевгъудæй. Сæумæраги нин кадæр нæ къæразгæ æрбахуаста, райгъал дæн æма имæ ракастæн.

– Уалæ Таучелати Хадзимуссæ æ цардæй рахецæн æй...

Æма, дан, дуйнебæл неци ес, мацæбæл æууæндетæ...

Дуккаг фун:

– Уæддæр бабæй уотæ нæ рæзти бæхуæрдуни иссудæй. Æз бабæй уæд нæуæгæй æнгъæлдзау адтæн. Мæ рази æрлæудтæй, бахудтæй мæмæ, æхемæ мæмæ фæдздзурдта, æма мин мæ фæйнæ армитъæпæнеми фæйнæ æнгози æрæвардта, еу си уæззаудæр, иннæ минкъийдæр æма рæуæгдæр. Æма рандæй...

Къуæрей фæсте мин дууæ фазон бицеуи райгурдæй – Æхсарæ æма Æхсæртæг. Æхсæртæг Æхсарæй берæ уæззаудæр адтæй...



**Советон Цæдеси цуппар хатти Бæгъатæр, Советон Цæдеси Маршæл Георгий Константини фурт Жукови райгурдбæл 1 декабри исæнхæст æй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1896-1974).**

*Денгизи науæ нихъулун байдæдта. Ка си бадтæй, уонæй алкедæр æ сæр æфснайунмæ фæцæй. Еу гъæздуг афинаг лæг ба хуцæуттæмæ ковунбæл фæцæй, мæлæтæй мæ фæййервæзун кæнетæ æма уин берæ нивæндтæ æрхæсдзæнæнцæ, зæгъгæ. Уæд имæ иннетæй еу дзоруй: «Хуцæуттæмæ ковæ, фал дæхуæдæг дæр базмæлæ».*

# НАСÆ



**Насæ æй хъæбæр рагон зайæгой. Сауæнгæ фондз мин анзей размæ дæр æй зудтонцæ Мексики. Ахургæндтæ куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй наси муггаг Европæмæ æрбафтудæй Цæгат Америкæй XVI æноси. Нуртæккæ насæ зайуй еугур континентти дæр аллихузон æрдзон уавæрти.**

Аци зайæгой хумæтæги уарзон нæй адæмæн. Берæ си ес пайдайаг органикон бауæргъæдтæ. Уæлдайдæр ба сæкæр, æрхи, æфсæйнаг æма магнийи цæнхитæ. Гъæздуг æй витаминтæ В, Р, С æма æндæртæй.

Беретæ насæ уарзунцæ арти кенæ аги фунхæй. Хуарз æй пириндз æма мæнæуи касити хæццæ. Раздæр æнзти нæ республики консервгæнæн заводтæ насæй уагътонцæ еугæф (икра), аллихузи консервтæ, адгин дæнттæ. Зæгъун гъæуй уой, æма алли адæмихæттитæ насæй кæнунцæ хецæн хуæруйнæгтæ.

Махмæ ба хестæр фæлтæри адæмтæй насæ беретæ уарзунцæ цивзиндзоси хæццæ. Хуарз æфсийнæ си насгутæ ку ракæна, уæдта сæмæ мард дæр ма рабаддзæнæй. Уæлдай хуæрзадæ дæр ба насæн æ нæппитæ æнцæ. Берæ си ес хуайраги хуæрзгъæдæ зети. Махмæ æхсинæни зети куд уадзунцæ, уотæ Румыни ба кæнунцæ наси зети, æма æвæрд æй промышленнон бундорбæл.

Куд загътан, уотемæй наси хуасæгæнæн менеугутæ æнцæ дзæвгарæ. Фулдæр хæттити си пайда кæнунцæ зæрдæ æма тогдадзинтти незти нихмæ, адæймаг æгæр нард ку фæууй кенæ фæттасæнтæ ку фæрресунцæ, уæд. Насæ æй агъазиау хуасæ ахсæни, масти, игæри нези нихмæ дæр.

Бафеппайун гъæуй уой, æма, наси фæлмæнти клетчаткæ берæ нæййес, фал гъæздуг æй органикон бауæргъæдтæй. Етæ хуæрзæрдæмæ зиннунцæ æййевæн процесси. Хурфидзаумæуттæ ракæдзос унцæ бактеритæ, аллихузон маргхæссæг бæуæргъæдтæй. Насæ ку хуæрай, уæд хуарз агъаз кæнуй хæлæртти кустæн дæр. Зæгъæн, фæлварæнти хузи фонси ахсæн æма тъæнгти наси органикон бауæргъæдтæ (пектин) ку бауадзæн, уæд стори хурфидзаумæуттæ æнæнездæр фæуунцæ.

Сауæнгæ астæуккаг æностæй нурмæ адæм пайда кæнунцæ наси еугур хуасæгæнæн менеугутæй дæр. Е ба уотæ 'й, æма наси нæппитæ муди хæццæ исхæлæмулæ кæнгæй æй агъазиау хуасæ, листæг кенæ тъæпæн золкъитæ æ хæлæртти кæмæн фæууй, уæхæн сæйгитæн. Бæлвурддæр зæгъгæй ба, наси нæппитæ, уæлдайдæр ба сæ цъæх агъоди, берæ ес донгæнæн еугæндтæ. Уони фæрци золкъитæн сæ бон нæ фæууй хæлæртти фæрстæбæл ниццæфсун æма адæймаги хурфæй æнцонтæй фесæфунцæ.

Ке зæгъун æй гъæуй адæмон хуасæ дзæвгарæ лæмæгъдæр æй нуриккон медицинон фæрæзнитæй, фал уой хигъд бауæрæн неци зиан æрхæссуй. Наси нæппитæ æхсинун хуарз агъаз кæнуй игæри, ургти æма æндæр оргæнти незтæн дæр. Уогæ, аци зайæгой айдагъ хуæрунæн бæзгæ нæй. Декоративон муггæгтæ дæр си ес, æма си пайда кæнунцæ аллихузон хæдзари дзаумæутти арæзтади.

***

*Мæнæ идарддæр ци цубур æмбесонд мухур кæнæн, уой ба нæмæ Лескенæй исæрвиста* ***Хайти Ларисæ****, химион наукити кандидат, профессор. Куд ахургонд, уотæ æ финст æрмæги испайда кодта наукон лæдæрунгæнуйнæгтæй дæр.*

# Хъæдорæ æма бадæрджани хъаугъа

Искастæй зæнхæй лæдзæг-хъæдорæ, рагæлста æ дууæ сифи æма хæрдмæ фæббуруй мехбæл. Æхе Хуцау бангъалдта. Цæйбæрцæдæр исбурдæй, уæдта сæрæй бунмæ æркастæй, æма рауидта бадæрджани æвзарæ æма имæ дзоруй:

– Ци хъæбæр дæхе ниххурстай, дæ дууæ роси сурх-сурхсид ку дарунцæ? Уогæ, цума, нур ду кадæ? Адæймагæн ба ести пайда хæссис?

Æма уæд, бадæрджан хъæдорæн дзуапп равардта:

– Нур цитæ дзорис? Æз адæймагæн хъæбæр пайда дæн. Мæн хуæруйнагбæл ку бафтаунцæ, уæд æ адæ дзæвгарæ фæхуæздæр уй, мæ витаминти фæрци. Етæ æнцæ: В3, В5, Е, К, Са, Р, Mg, Na, ликопин æма глутатион.

Æма имæ уæд, еци æнæнвæрсонæй лæдзæг-хъæдорæ дзоруй:

– Еци витаминтæй уæлдай, мæнмæ ба ма ес аллихузи белоктæ æма берæ аминокислоттæ, кæцитæ губун искосун кæнунцæ. Етæ æнцæ – лизин, тирозин, аланин, фенилаланин, адæймагæн берæ пайда хæссунцæ. Уони фæрци, цард цæмæдессагдæр исуй.

Уæдмæ син Адæймаг сæ хъаугъа фегъуста æма син уотæ зæгъуй:

– Лæдзæг-хъæдорæ дæр, уæдта бадæрджан дæр, уæ дууæ дæр мин мæ царди медæгæ пайда хæссетæ.

Уæ еуей иннебæл нецихузи баййевдзæнæн, уой балæдæретæ æма уæ хъаугъайæн кæрон искæнетæ.





***Æрдзон хуæруйнæгтæй ка ци пайда дæттуй адæймагæн, уой фæдбæл æрмæгутæ нæ зæрди ес идарддæр дæр мухур кæнун. Фиццагидæр ба уомæ гæсгæ, æма нури доги си беретæ феронх æнцæ адæмæй, уæлдайдæр ба кæстæр фæлтæртæй, кæцитæ фæййахур æнцæ цидæр æнахур, æ зæран фулдæр кæмæн æй, уæхæн хуæлцæбæл. Уотемæй ба нæмæ цæйбæрцæбæл берæ ес, æнæнездзийнадæн дессаги агъазгæнæг ка 'й, уæхæн аллихузон фидтæлтиккон хуæруйнæгтæ!..***

# ПОДЖОГИ ТРАВЫ – ОДНА ИЗ ГЛАВНЫХ ПРИЧИН ПОЖАРОВ



Наступила осень, и люди начинают повсеместно выжигать сухую траву, опавшие листья, мусор и т.д. Мотивы у «поджигателей» разные – это и обыденное детское хулиганство, и элементарная неосторожность тех, кто бросает непогашенные сигареты или оставляет горящие без присмотра костры.

В результате сухостой горит практически везде, выжигая молодую лесную поросль, повреждая хозяйственные и жилые постройки, и, нередко переходя в серьезные лесные пожары. Случается и такое, что из-за поджога сухой травы гибнут люди.

Поскольку выжигание сухой травы стало настоящей национальной традицией, полезно в очередной раз сравнить пользу и вред такого выжигания. Пользы, даже кажущейся, на самом деле немного.

Основной довод – выжигание обогащает почву золой от сгоревшей травы, однако минеральные питательные вещества, содержащиеся в золе, все равно попали бы в почву при разложении сухой травы.

Поджоги травы – одна из главных причин пожаров в лесах, на тушение которых приходится тратить значительные силы и средства – причем далеко не всегда удается избежать катастрофических последствий и вообще добиться успеха в их тушении.

Травяные пожары могут служить причиной гибели людей, даже несмотря на то, что непосредственной угрозы для жизни человека каждый конкретный поджог травы, на первый взгляд, не несет. От травяных пожаров могут загораться дома и леса, а уже на этих новых пожарах могут гибнуть люди. Ежегодно в нашей республике в результате поджогов сухой травы сгорают десятки дач и садовых домиков.

Менее очевидная, но не менее важная причина сжигания сухостоя состоит в том, что дым травяных пожаров очень вреден для здоровья и просто опасен для жизни людей, страдающих заболеваниями органов дыхания.

Приведенных выше аргументов вполне достаточно для того, чтобы отказаться от выжигания сухой травы повсеместно. К сожалению, пока о таком отказе остается только мечтать – сухая трава ежегодно полыхает по всей территории нашей республики, продолжая наносить колоссальный ущерб, как природе, так и людям. Сейчас остается надеяться, прежде всего, на грамотность и сознательность граждан нашей республики.

***Марат ДЗАНТИЕВ,***
***дознаватель ОНД и ПР***
***по г. Владикавказу.***


Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730**. Заказ **№2707**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 2.12.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 2.12.2021.



**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**